



Haitian Creole Edition
Grade 6 Mathematics Test, Book 2
March 12–16, 2007

Pwogram Egzamen Leta Nouyòk
Egzamen Matematik
Liv 2

Ane **6**

12–16 mas 2007

Non _____



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2007 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Asire ou li avèk atansyon tout enstwiksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Ou ka sèvi avèk enstriman pou ede ou rezoud nenpòt pwoblèm ki nan egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri repons ou.
- Asire ou montre travay ou lè yo mande ou pou fè sa. Ou ka resevwa yon pati nan kredi a si ou montre travay ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.




Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk rapòtè ou.

26

Komiko vle reprezante chif ki anba yo sou dwat nimerik.

-1,8 0,4 -0,1 -1,1

Nan kaz anwo pwen ki sou dwat nimerik la, ekri chif kòrèk la pou chak pwen.



Kontinye

27

Nan madi, Boutik Flè Grace la vann 124 flè. Nan fen jounen an, te genyen 237 flè ki rete nan boutik la. Grace te sèvi ak ekwasyon anba a pou jwenn kantite total flè, f , ki te nan boutik la nan kòmansman jounen an.

$$f - 124 = 237$$

Pati A

Ki kantite total flè ki te nan boutik la nan kòmansman jounen an?

Montre travay ou.

Repons _____ flè

Pati B

Sou liy ki anba yo, eksplike kouman ou te jwenn valè f .

28

Carlos boule 75 kalori pou chak 15 minit li mache.

Pati A

Konbyen kalori Carlos ap boule si li mache pandan 45 minit?

Montre travay ou.

Repons _____ kalori

Pati B

Carlos vle boule 300 kalori. Pandan konbyen minit Carlos dwe mache pou li ka boule 300 kalori?


Montre travay ou.

Repons _____ minit

Kontinye

29

Ava genyen yon bwat bijou an fòm prism rektangilè ki endike anba a.



[pa trase selon echèl la]

$$V = lwh$$

Ki volim bwat bijou Ava a, an pous kib?

Montre travay ou.

Repons _____ pous kib

30

Yon sache biskwit pou chen gen 7 biskwit asezone. Gen 2 biskwit fwomaj, 3 biskwit la kochon, ak 2 biskwit bèf. Melissa pran yon biskwit owaza nan sache a. Ki pwobabilite pou Melissa pran swa yon biskwit fwomaj oswa yon biskwit bèf?


Montre travay ou.

Repons _____

Kontinye

31

Dyagram ki anba a montre trajektwa de kavalye sou yon manèj.



[pa trase selon echèl la]

$$C = 2\pi r$$

Konbyen pye sikonferans Trajektwa B genyen **anplis** Trajektwa A?

Eksprime repons ou an fonksyon π .

Montre travay ou.

Repons _____ pye

32

Madmwazèl Chen mande Tanya pou li jwenn valè ekspresyon ki anba a.

$$5 \times 4^2$$

Pati A

Ki valè Tanya dwe ekri pou ekspresyon an?

Repons _____

Pati B


Ki valè ekspresyon an si ekspozan an ki te 2 gen chif chanje pou vin gen 3 chif?

Repons _____

Kontinye

33

Ellen reprezante twa pwen sou griy ki anba a.



Ki kowòdone pwen C yo?

Repons (_____ , _____)

Sou liy ki anba yo, eksplike fason ou te jwenn kowòdone pwen C yo.

34

Tyrone te sere \$24 sou \$60 li te touche nan koupe gazon. Ki pousantaj salè Tyrone te sere?

Montre travay ou.

Repons _____ %

Kontinye

35

Adrian te byen rezoud de ekwasyon yo nan kou matematik la.

Pati A

Ki valè Adrian te jwenn pou n nan premye ekwasyon li?

$$38 + n = 57$$

Montre travay ou.

Repons _____

Pati B

Ki valè li te jwenn pou y nan dezyèm ekwasyon li?

$$\frac{y}{5} = 103$$

Montre travay ou.

Repons _____

RETE LA

Place Student Label Here



Ane 6
Egzamen Matematik
Liv 2
12–16 mas 2007

Grade 6
Mathematics Test
Book 2
March 12–16, 2007